

**FLORIDA ENTÉNASYONAL INVÉSITE  
ENFMASYON SOU SANTE  
AVI SOU PRATIK PRIVE  
("NOPP")**

NOPP SA A DEKI KÒMAN YO KA ITILIZE ENFMASYON SOU SANTE'W OU AK BAY AK KIJAN OU  
KA JWENN AKSÈ AK ENFMASYON SA A.

**Ki lè NOPP sa a Aplike**

Florida Entènasyonal Inivèsite ("FIU" oswa "Inivèsite a") bay tretman swen sante bay pasyan yo nan zòn yo chwazi anba eleman Swen Sante nan Hybrid Covered Entity nan FIU. Nan moman ke yap bay ou sèvis sante, FIU ap rasanble ak jenere enfòmasyon medikal, sante mantal ak enfòmasyon pèsònèl. Lwa 1996 egzije pou nou Transparans ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA) pou nou kenbe konfidansyalite enfòmasyon pwoteje sou sante ou ("enfòmasyon sou sante"); ba ou NOPP ki dekri devwa legal nou yo ak pratik prive konsènan enfòmasyon ou; enfòme'w de dwa ou yo anba HIPAA; fè ou konnen vyolasyon enfòmasyon sou sante'w; epi swiv kondisyon NOPP sa a.

**Angajman nou sou vi prive ou**

FIU ak anplwaye klinik administratif ki dirèkteman oswa endirèkteman fè pati de tretman ou (kolektivman refere yo kòm "FIU" oswa "Inivèsite a") yo promèt pou kenbe enfòmasyon sou sante prive. Enfòmasyon sou sante ou defini kòm enfòmasyon medikal ki idantifye ou endividye'lman sou ou ki gen rapò ak pase, prezan, oswa nan fiti egzamen medical, mantal ou oswa kondisyon ki gen rapò ak sèvis swen sante yo. Sa gen ladan enfòmasyon tankou non ou, dat ou fèt, dat sèvis ou yo, dyagnostik, tretman, enfòmasyon jenetik, medikaman enfòmasyon finansye, enfòmasyon demografik, etc. Enfòmasyon sa a enpòtan paske li pèmèt pwofesyonèl swen sante nou yo trete ou pi efikasman ak efektivman. Pratik konfidansyalite ki dekri nan NOPP sa a pral swiv pa tout pwofesyonèl swen sante, anplwaye yo, anplwaye medikal, pwofesè, stajyèr, elèv yo, ak volontè ki Component Swen Sante FIU.

**Itilizasyon ak Revelasyon Enfòmasyon sou Sante ou**

Kategori swivan yo dekri diferan fason ke nou ka itilize ak revele enfòmasyon sou sante ou ki pa bezwen otorizasyon espesifik ou. "Itilize" enfòmasyon ou vle di pataje, jwenn aksè, oswa analize enfòmasyon sa yo nan FIU. Yon "revelasyon enfòmasyon sou sante ou vle di pataje, revele oswa bay enfòmasyon ba yon moun oswa yon antite andeyò FIU. Tanpri note ke se pa tout kategori itilize oswa revele ki nan lis la. Sepandan, tout fason nou itilize oswa revele enfòmasyon ou ta dwe tonbe nan youn nan kategori sa yo:

- Tretman.** Nou ka itilize ak revele enfòmasyon sou sante ou pou trete ou. Sa ka enkli pataje enfòmasyon ou pou tretman'w k lòt moun oswa antite yo kowòdone diferan sèvis ou bezwen tankou travay laboratwa oswa preskripsyon.
- Peman.** Nou ka itilize ak revele enfòmasyon sou sante ou pou voye bòdwo pou sèvis yo ofri epi resevwa peman. Pou egzanp, nou ka bay enfòmasyon sou sante ou ba asirans sante ou osijè tretman ou, pou yo ka paye pou swen ou resevwa. Sa ka enkli jwenn verifikasiyon ke swen ou kouvri anba kontra asirans ou an.
- Operasyon Swen Sante yo.** Nou ka itilize oswa revele enfòmasyon sou sante ou pou sipòte operasyon pratik swen sante nou yo. Egzanp kalite operasyon yo se enrejistre pasyan ak suivi, klinik ak operasyonèl pèfòmans amelyorasyon, edikasyon ak fòmasyon elèv medikal, risk jesyon, kalite ak revizyon kanmarad, ak fè lòt aktivite biznis.

4. **Fè Sonje Randevou, Tretman Altènativ, ki gen rapò ak Benefis Sante e Sèvis.** Nou ka itilize ak bay enfòmasyon sou sante ou pou kontakte ou pou fè sonje randevou oswa, si sa nesesè, pou ba ou enfòmasyon sou tretman altènativ oswa lòt benefis ki gen rapò ak sante ak sèvis ki ka enterese ou. Pou egzanp, nou ka voye ba ou yon bilton oswa yon imèl sou sèvis nou ofri yo.
5. **Asosye Biznis yo.** Nou ka itilize ak bay enfòmasyon sou sante ou ba yon twazyèm pati ki fè divès kalite aktivite (tankou, faktirasyon, sèvis finansye) pou Inivèsite a. Asosye biznis nou yo se moun ak òganizasyon yo ki fè pati mendèv nou an, men bay sèvis a Inivèsite a pou sipòte pratik klinik nou yo. Pa egzanp, nou ka paye yon konpayi bòdwo pou voye bòdwo ak kolekte pou sèvis swen sante nou ofri yo. Tout asosye biznis yo oblige pwoteje enfòmasyon sou sante ou.
6. **Moun ki Patisipe nan Swen ou oswa Peman pou Swen ou .** Nou ka bay enfòmasyon sou sante ou bay yon moun, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi, ki patisipe nan swen medikal ou, oswa ede peye pou swen ou. Nou ka avize fanmi ou sou kote ou ye oswa kondisyon jeneral oswa bay enfòmasyon sa yo ba yon antite ki ede nan sekou katastwòf.
7. **Rechèch.** Nou ka itilize ak revele enfòmasyon medikal pou rezon rechèch si nou resevwa yon otorizasyon valab de oumen ou oswa lè yon gwoup revizyon espesyal anile deman otorizasyon an. Anba sèten sikontans, yo ka bay enfòmasyon medikal ou san otorizasyon ba moun ki ap prepare pou fè yon pwojè rechèch, pou rechèch ki enplike a desandan ou yo, oswa kòm yon pati nan yon seri done limite ki pa gen non ou ak lòt enfòmasyon ki ka idantifye ou dirèkteman. Rechèch la dwe kenbe enfòmasyon sou sante ou an sekirite e konfidansyèl.
8. **Aktivite pou ranmase lajan.** Nou ka itilize enfòmasyon demografik (non e adrès) ak dat sèvis pou kontakte ou pou kontribye a Inivèsite a. Nou ka tou bay enfòmasyon limite nan Fondasyon nou an, pou menm rezon. Si nou kontakte ou pou fè aktivite ranmasaj lajan, nou va fè'w konnen kijan ou ka chwazi pou pa resevwa komunikasyon ranmase lajan.

#### SIKONSTANS ESPESYAL

Anplis de sa ki anwo a, nou ka itilize ak bay enfòmasyon sou sante nan sikontans espesyal sa yo:

1. **Jan lalwa egzije, aplikasyon lalwa ak pwosedi jidisyè.** Nou ka bay enfòmasyon sou sante ou ba otorite lapolis si lalwa federal, lwa eta a mande sa. Kèk egzanp enkli rapò sou vvolans domestik ak neglijans, rapòte abi oswa neglijans sou timoun, revele pou sekirite nasyonal ak sèvis pwoteksyon pou Prezidan an, fasilité koreksyonèl oswa lapolis ki arete yon moun, an repons a yon lòd tribinal valab, manda pou parèt devan leta oswa manda jidisye.
2. **Pou anpeche menas grav pou sante oswa sekirite.** Nou ka itilize ak bay enfòmasyon sou sante ou lè sa nesesè, nan jijman pwofesyonèl nou, pou anpeche oswa diminye yon menas grav sou sante ou oswa sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Nan ka sa yova dirije nenpòt revelasyon ba yon moun ki kapab sispann oswa adrese menas la.
3. **Donasyon ògàn ak tisi.** Si ou se yon donatè ògàn oswa tisi, nou ka bay enfòmasyon sou sante ou, ba yon òganizasyon ki okipe achte ògàn, je oswa transplantasyon tisi oswa nan yon bank donasyon ògàn si sa nesesè, pou fasilité ògàn oswa tisi donasyon ak transplantasyon.
4. **Konpansasyon pou Travayè yo.** Nou ka itilize ak bay enfòmasyon sou sante ou ba Travayè Konpansasyon oswa menm jan de pwogram ki bay benefis ki gen rapò ak aksidan travay oswa maladi.

5. **Sante Biblik ak blye pale de Sante ou.** Nou ka itilize ak bay enfòmasyon sante ou pou rezon de sante biblik pou anpeche oswa pou kontwole maladi. Nou ka itilize oswa bay enfòmasyon sou sante ou pandan odit oswa lisansye visit ba ajans otorize pa lalwa fè aktivite sipèvizon sante.
6. **Militè ak Veteran.** Nou ka bay enfòmasyon sou sante ou, si ou se yon manm nan fòs lame yo, jan sa obligatwa pa otorite kòmandman militè yo. Nou kapab bay enfòmasyon sou sante ou ba otorite militè etranje apwopriye si ou se yon manm nan militè etranje.
7. **Pwoteksyon espesyal pou SIDA, alkòl ak abi sibstans, Sante mantal ak enfòmasyon jenetik.** Pwoteksyon vi prive espesyal aplike pou enfòmasyon ki gen rapò ak SIDA, alkòl ak abi sibstans enfòmasyon tretman, enfòmasyon sou sante mantal, ak enfòmasyon jenetik. Pati NOPP sa a ka aplike jan enfòmasyon sa a paske kondisyon vi prive sevè ka aplike. FIU va bay enfòmasyon sa yo sèlman si li aplikab pa lwa eta ak federal.
8. **Lòt Itilizasyon Enfòmasyon Medikal.** Lòt itilizasyon ak revelasyon enfòmasyon medikal ki pa kouvrir nan NOPP sa a ap fèt sèlman avèk otorizasyon ou alekri. Ou kat revoke otorizasyon ou fè; Sepandan, demann revokasyon sa a dwe fèt alekri epi yo pral pibliye nan dat yo resevwa pa Privacy pou Zafè Sante. Nòt sikoterapi, pa egzanp, se nòt ki kreye pa yon pwofesyonèl sante mantal ki dokimante oswa analize sa ki nan konvèrsasyon pandan sesyon konsèy prive oswa yon gwoup, oswa sesyon konsèy fanmi. Nòt sa yo trete yon fason differan de lòt enfòmasyon sante epi yo kenbe yo apa. Avèk kèk eksepsyon, yon otorizasyon espesifik de oumemn obligatwa anvan yo bay nòt Sikoterapi. Yon eksepsyon notab egziste pou revelasyon obligatwa pa lalwa espesifik.
9. **Dr. ki egzaminen kadav, Egzaminè Medikal, ak Direktè Ponp Finèb yo.** Nou ka bay enfòmasyon medikal ki pwoteje bay yon doktè ki egzaminen kadav oswa yon egzaminè medikal. Sa ka nesesè, pou egzanp, pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine kòz lanmò a. Nou ka bay enfòmasyon pwoteje sou sante ou ba direktè ponp finèb yo pou yo ka fè travay yo.
10. **Maketing oswa Enfòmasyon Vann.** Itilizasyon ak revelasyon enfòmasyon sou sante ou pou rezon maketing ap egzije otorizasyon ou alekri. FIU pa vann enfòmasyon pasyan yo.

#### **Dwa'w ak respè a enfòmasyon sou sante pèsònèl ou:**

Lwa a prevwa pou dwa sa yo, sijè a sèten limit, konsènan enfòmasyon sou sante ke nou kenbe sou ou.

1. **Dwa pou jwenn yon kopi papye de NOPP sa a.** Ou gen dwa jwenn yon kopi papye NOPP sa a nan men nou nenpòt ki lè, sou demann. Menm si ou te dakò aksepte NOPP sa a elektwonikman, ou toujou gen dwa a yon kopi papye NOPP sa a. Ou ka jwenn yon kopi tou nan sit entènèt nou an, [www.compliance.fiu.edu](http://www.compliance.fiu.edu).
2. **Dwa Enspekte ak Kopye Enfòmasyon sou Sante ou.** Ou gen dwa enspekte ak jwenn yon kopi enfòmasyon sante ou ke nou kenbe sou ou. Yo kenbe dosye yo pou peryòd espesifye an akò ak lwa a. Si enfòmasyon medikal ke ou mande an konsève nan yon fòma elektwonik, nou pral ba ou yon kopi nan yon fòma elektwonik ke nou te dakò. Altènativman, nou ka bay yon kopi sou papye. Ou ka gen pou peye pou kopye, poste, medya elektwonik oswa lòt depans ki asosye ak demann ke lalwa pèmèt. Nan ka trè limite, nou ka refize demann ou pou enspekte ak jwenn yon kopi enfòmasyon sou sante ou. Si nou fè sa, ou ka mande pou yo revize refi an epi revizyon sa a pral fasilité pa Privacy Ofisyèl pou Zafè Sante nan Invèsite a nan period de (30) jou apre yo resevwa demann alekri ou a nan adrès yo bay la nan NOPP sa a. Tanpri sonje sa lwa federal di ke ou pa kapab enspekte oswa kopye nòt sikoterapi, enfòmasyon ki konpile nan previzyon rezonab oswa itilize nan yon aksyon sivil, kriminèl, administratif oswa pouswit.

- 3. Dwa pou ou Mande Restriksyon sou Itilizasyon oswa Revelasyon.** Ou gen dwa mande nou pou nou pa itilize oswa revele okenn pati nan enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou rezon tretman, peman oswa operasyon swen sante, oswa ou pa revele bay pèsonn kiyès moun ki ka patisipe nan swen'w oswa peman pou swen ou, tankou yon manm fanmi ou oswa yon zanmi. Demann ou a dwe fèt alekri epi di enfòmasyon espesifik itilize oswa bay yon restriksyon de ki moun ke ou vle mete sou restriksyon. Pandan ke nou pral konsidere demann ou an, nou pa oblige dakò ak li. Desizyon FIU pou dakò oswa pa pral kominike alekri epi ou va resevwa li nan (30) jou de dat yo resevwa demann ou a Privacy Official for Health Affair (pa ofisyèl la Privacy pou Afè Sante) nan adrès yo bay nan NOPPs a. Si ou peye pou sèvis ou yo, okonplè, ou ka mande pou yo pa bay enfòmasyon sou sante ou nan plan sante w pou rezon peman oswa pou fonksyon swen sante, epi nou oblige dakò ak demann restriksyon sa a. Sepandan, nou pa oblige dakò ak lòt demann restriksyon yo. Menm si nou te dakò pou yon restriksyon de revelasyon oswa itilizasyon enfòmasyon sou sante ou, nou va itilize oswa bay enfòmasyon sou sante ou, si sa nesesè, pou pran swen de ou nan yon sitiyasyon tretman ijan kòm lalwa egzije li.
- 4. Dwa pou ou Mande Amannman.** Ou gen dwa pou mande pou chanje oswa ajoute enfòmasyon sou sante nou genyen sou ou, si ou santi enfòmasyon sou sante nou genyen an pa kòrèk oswa enkonplè, toutotan enfòmasyon yo konsève pa oswa pou Inivèsite a. Pou mande yon amannman, tanpri fèt demann alekri ak rezon epi sipò pou demann lan nan (University Privacy Official for Health Affairs) Inivèsite Privacy ofisyèl pou Afè Sante nan adrès yo bay lan NOPP la. Tout demann yo dwe alekri epi presize ki enfòmasyon ou mande nou pou fè amannman oswa ajoute. Nou ka refize demann ou an si li pa alekri, li pa enkli rezon ki sipòte demann lan, oswa nou pa ka detèmine soti nan demann lan ki enfòmasyon ou ap mande pou yo chanje oswa ajoute. Nou ka refize demann ou an si ou mande nou amande enfòmasyon sou sante ki:
  - Egzat epi konplè;
  - Pa te kreye pa nou;
  - Pa fè pati de dosye nou kenbe; oswa
  - Pa fè pati enfòmasyon ke yo otorize'w pou enspekte epi kopye.
- 5. Dwa pou w resevwa komunikasyon konfidansyèl.** Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou zafè sante'w nan yon sèten fason oswa nan yon sèten kote. Pou egzanp, ou ka mande nou ke nou sèlman kontakte ou nan travay oswa pa imel. Nou pral akomode demann rezonab ki fèt alekri a (Privacy Official for Health Affairs at the University) ofisyèl Prive pou Afè Sante nan Inivèsite a nan adrès ki liste nan NOPP.
- 6. Dwa pou Resevwa yon Kontablite de Revelasyon.** Ou gen dwa resevwa yon kontrandi sou revelasyon ke nou te fè sou enfòmasyon sou sante ou pou lòt rezon ke tretman, peman oswa fonksyonman swen sante jan sa dekri nan NOPP la. Dwa pou resevwa kontablite sa a sijè a sèten eksepsyon, restriksyon ak limitasyon. Li ekskli revelasyon nou ka te fè pou ou oswa sou otorizasyon ou, itilizasyon aksidantèl ak revelasyon, pou sekirite nasyonal, a fasilité koreksyonèl oswa lapolis ki arete yon moun, kòm yon pati nan yon seri limite, oswa ki te fèt anvan 13 avril. 2003. Tout demann yo dwe alekri ki kòmanse pa plis ke sis ane anvan yo de dat demann lan te fèt. Tanpri soumèt demann yo bay (Privacy Official for Health Affairs at the University) ofisyèl Prive pou Afè Sante nan Inivèsite a nan adrès yo bay nan NOPP la. Ka gen yon chaj pou fe demann sa yo.

#### Fè egzèse Dwa w yo

Pou egzèse nenpòt nan dwa ki endike anwo a nan paragraf (i -vi), ou dwe ekri nan (Privacy Official for Health Affairs at the University) Ofisyèl Enfòmasyon Prive pou Afè Sante nan: Biwo Konfòmite Inivèsite & Entegrite, Florida Intènasyonal Inivèsiey, 11200 SW 8 th Street, Miami, FL 33199, Telefòn (305) 348-Original Dat Efektif Septanm 2009 - Revize Septanm 2019

2216, imèl compliance@fiu.edu. Pa gen lòt moun nan FIU otorize pou aksepte jan de demann sa yo ki gen rapò ak fè egzèsis dwa ou yo.

### **Notifikasyon vyolasyon an**

Inivèsite a oblige fè'w konnen an ka gen yon vyolasyon de enfòmasyon sou sante ki te konsève pa Inivèsite. Yon vyolasyon se nenpòt akizisyon san otorizasyon, aksè, itilizasyon, oswa revelasyon de sèten kategori enfòmasyon sou sante ki konpwomèt sekirite a oswa enfòmasyon prive ki gen nan enfòmasyon sa yo. Nou va fè'w konnen san pèdi tan pa pita ke 60 jou kalandriye san rezon e nan okenn ka pita pase 60 jou kalandriye a dekouvri apre yo dekouvry vyolasyon an.

### **Chanjman a NOPP sa a**

Nou rezève dwa pou chanje pratik prive FIU epi NOPP sa a. Nou rezève dwa pou fè revizyon oswa chaje NOPP efektik pou enfòmasyon sou sante nou deja genyen sou ou menm jan tou nenpòt enfòmasyon nou resevwa nan lavni. Nenpòt ki chanjman materyèl sa pral lakòz nan afiche yon vèsyon ki ajou de NOPP sa a nan tout kote idantifye kòm yon pati nan konponan Swen Sante nan FIU, ak afiche NOPP la sou sit entènèt nou an (yo). Dat efektif NOPP sa a se nan premye paj la epi anba NOPP la.

### **Kesyon ak Plent**

Tanpri kontakte dirèkteman Privacy Official for Health Affairs ak oswa Asistan Vis Prezidan an, Chèf Konfòmite ak Ofisyè Privacy pou nenpòt kesyon oswa plent ou ka gen si ou kwè dwa vi prive ou vyole. Adrès la se: Office of University Compliance & Integrity, Florida International University, 11200 SW 8 th Street, Miami, FL 33199, Telefòn (305) 348-2216 Imèl compliance@fiu.edu. Kesyon ou yo ak enkyetid ou enpòtan pou nou. Nou va reponn ou nan (30) jou de dat resi demann lan oswa konfòme. Inivèsite a pa pral aji kont ou oswa penalize ou nan nenpòt fason pou le fè ke ou ranpli yon plent oswa fè egzèsis dwa konfidansyalite ou. Se dwa ou pou depoze yon plent. Ou ka depoze yon plent tou avèk Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo Dwa Sivil, nan voye yon lèt bay 200 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20201, rele (877) 696-6775, oswa vizite <http://HHS.Gov/OCR/Privacy/HIPAA/Complaints>.

Dat Efektif: 1 Septanm 2009; Dat Revizyon an: 14 Me 2013; 23 Septanm 2013; 1 Septanm 2019